



ACTUALITES / NATIONAL

An nou fè 2 kabès olye pou n rete nan lave men siye atè


Yon konparezon ant politik sou lang ansèyman nan Refòm Joseph C. Bernard (1982) ak nan « Cadre d'Orientation Curriculaire » (MENFP, 2021)



Par Pwofesè Michel DeGraff/Doktoran William Scott Frager/Pwofesè Haynes Miller
29 août 2022 | Lecture : 19 min

Tablo : Diferans ant politik lang ansèyman nan Refòm Bernard (1982) ak politik lang ansèyman nan COC (2021)

	Refòm Bernard (1982)	Cadre d'Orientation Curriculaire (2021)
1 ^{er} ane lekòl	Kreyòl	Kreyòl
2 ^{yèm} ane lekòl	Kreyòl	Kreyòl
3 ^{yèm} ane lekòl	Kreyòl	Kreyòl ak franse
4 ^{yèm} ane lekòl	Kreyòl	Kreyòl ak franse
5 ^{yèm} ane lekòl	Kreyòl	Franse
6 ^{yèm} ane lekòl	Kreyòl ak franse	Franse
7 ^{yèm} ane lekòl	Kreyòl ak franse	Franse
8 ^{yèm} ane lekòl	Kreyòl ak franse	Franse
9 ^{yèm} ane lekòl	Kreyòl ak franse	Franse
10 ^{yèm} ane lekòl	Kreyòl ak franse	Franse
Aprè 10 ^{yèm} ane lekòl	RB pa espesifye sa, men, gen lide pou kreyòl rive sèvi kòm lang ansèyman nan tout matyè e nan tout nivo	Franse
	RB ajoute franse kòm lang ansèyman nan klas 6 ^{yèm} ane fondamantal, kreyòl toujou kontinye sèvi kòm lang ansèyman nan tout nivo lekòl fondamantal	COC mande pou tranzisyon nan franse kòm lanse nan 3 ^{yèm} ane fondamantal, epi COC retire kreyòl kòm lang ansèyman anvan ti moun yo rive nan klas 5 ^{yèm} ane



ENTWODIKSYON

Depi Minis Nesmy Manigat retounen nan Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) nan mwa novanm 2021, li lanse plizyè demach k ap sible yon chanjman radikal nan wòl lang kreyòl ak franse nan sistèm lekòl ann Ayiti. Deba k ap fèt jounen jodi a sou demach sa yo ofri anpil opòtinite ak defi pou peyi a. Men, nou dwe fè jefò pou n pa pran zannanna pou sizàn. Enben, atik sa a pral ede n konprann anje ki makonnen nan demach refòm sa yo ansanm ak deba ak piman bouk sou desizyon Minis la. Sa pral mande pou n analize yon mòso nan istorik demach sa yo nan 40 dènye lane ki sot pase yo. Atik sa a se yon apèsi nan yon travay rechèch ki pi lontan pi long ke n pral pibliye pi devan nan jounal syantifik kote n pral pote yon analiz ki lontan pi laj, sou fondasyon yon bibliyografi ki lontan pi detaye.

An 2021, MENFP te pibliye yon nouvo dokiman sou politik edikasyon. Dokiman an rele « Cadre d'Orientation Curriculaire pour le système éducatif haïtien. Haïti 2054 » (COC 2021).[i] Dokiman sa a ofri yon kad

pou kourikoulòm nan nivo fondamantal ak segondè ann Ayiti epi objektif li se fòme yon sitwayen ki ka sèvi lavni peyi a. Nan COC 2021 sa a, MENFP anonse li antre nan yon pwojè pou li rive akonpli misyon Refòm Benard 1982 a.[ii] Refòm sa a, ki te inogire nan fen ane 1970 yo, se yon transfòmasyon radikal sistèm edikasyon ann Ayiti.[iii] Minis Joseph C. Bernard te pwopoze yon lekòl fondamantal ki sèvi ak kreyòl kòm LANG ANSÈYMAN. Sa vle di se kreyòl ki dwe sèvi nan ansèyman tout matyè ki nan kourikoulòm lan, tankou matematik, istwa, lasyans e latriye. Epi tou, tout manyèl yo ta dwe ekri an kreyòl pou elèv yo ka konprann yo pi byen e pi vit. Lè elèv yo bati fondasyon entelèkyèl ki solid gras a lang matènèl la, ki se kreyòl pou pifò ti moun yo, y ap gen pi plis kapasite pou yo aprann yon dezyèm lang tankou franse, angle oubyen panyòl. Malerèzman, enstabilite politik ak dilatwa moun ki kont itilizasyon kreyòl kòm lang ansèyman te vin lakoz Refòm Bernard soufri anpil politik mi wo mi ba anvan Ministè a te kòmanse refòme sistèm edikasyon an nan ane 1990 yo. Se pou tèt sa, jounen jodi a, gen anpil moun ki pa vreman konnen kontni Refòm lan.

Enben, se kon sa, tou, menm lè COC 2021 an di se Refòm Bernard a ki nan enspirasyon li, verite a diferan : 2 refòm sa yo reprezante 2 vizyon ki nan twoke kòn youn ak lòt konsènan wòl lang kreyòl ak lang franse nan ansèyman ann Ayiti. Nan atik sa a, nou pral analize detay ki fè lojik syantifik ki nan Refòm Benard sa a pa menm, ditou pyès, ak fason COC 2021 an entèprete Refòm lan. Refòm Bernard sa a te chita sou bon jan rechèch syantifik nan lengwistik ak pedagoji ki montre enpòtans lang matènèl nan aprantisaj ti moun yo alòs ke COC 2021 an, li menm, se yon politik frankofil l ap defann — egal : yon politik ki devalorize sèl lang nasyonal peyi d Ayiti (Atik 5, Konstitisyon 1987) e ki toujou ap echwe dè milyon ti moun nan yon kontèks neyo kolonyal. E poutan

Minis Joseph C. Bernard, li menm, se depi an 1982 li te pwopoze, pou sistèm edikasyon an, yon vre revolisyon anti kolonyal ki ta dwe sèvi kòm modèl pou tranfòmasyon lekòl peyi Sid yo.

Nou espere analiz ki nan atik sa a pral demontre ki jan Refòm Bernard sa a — ki vle di SA KI VREMAN LADAN L — ka menm pi enpòtan jounen jodi a ke an 1982 lè l te premye parèt la. Gen anpil leson nan Refòm sa a ki ta dwe enspire edikatè ak politisyen k ap chache tabli fondasyon pou bon jan kalite edikasyon pou tout ti moun nan peyi a — fondasyon ki djanm pou yon lekòl ki onore idantite ti moun yo. Sa se fondasyon pou lekòl tèt an wo pou peyi tèt an wo.

REFÒM JOSEPH C. BERNARD, 1979-1982 – KI SA LI YE ?

Sonje se Minis Joseph C. Bernard ki te lanse refòm ki te vin fòmalize nan yon premye seri dokiman ofisyèl nan fen ane 1970 yo epi kòmansman ane 1980 yo. M. Bernard te Minis Edikasyon soti avril 1979 rive jiyè 1982. Pandan twa ane sa yo, li te fè kokenn chenn jefò pou chanje pratik lengwistik nan lekòl ann Ayiti.

Pou n byen konprann refòm lan, gen twa dokiman prensipal nou dwe analize :

Premye a se Lwa 18 septanm 1979 la.[iv] Kòm li te vote nan Palman, lwa sa a te otorize itilizasyon kreyòl kòm lang ansèyman e kòm matyè ansèyman.[v] Menm si sa ta ka sanble ak yon etap ki twò timid, mezi sa a te nesesè paske Konstitisyon peyi a, depi 1954, te entèdi itilizasyon kreyòl nan tout sèvis piblik.

Dezyèm dokiman an se yon dekrè Ministè Edikasyon te pibliye nan dat 30 mas 1982. Dokiman sa a rele Décret organisant le système éducatif

haïtien en vue d'offrir des chances égales à tous et de refléter la culture haïtienne. Se dokiman sa a ki bay sistèm lekòl la yon nouvo chapant e ki te kreye lekòl fondamantal. An 1982, lekòl fondamantal sa a te gen 10 lane ; men, jodi a li gen 9 lane. Nan chapant sistèm edikasyon ki nan Dekrè 30 mas 1982 a, kreyòl pa sèlman yon matyè ansèyman, men tou, se yon lang ansèyman PANDAN 10 LANE LEKÒL FONDAMANTAL LA. Elèv yo dwe aprann franse depi premye ane fondamantal kòm yon matyè (egal : yon dezyèm lang, ki pa lang natif natal yo), epi, kòmanse nan sizyèm ane fondamantal, franse ta dwe sèvi kòm yon dezyèm lang ansèyman ansanm ak kreyòl kòm lang ansèyman tou. Pou plis detay, gade foto ki akonpaye atik la.

Twazyèm dokiman an, se Ministè Edikasyon ki te pibliye l nan menm ane 1982 a. Tit dokiman sa a se : « Réforme Éducative — Éléments d'Information ». Dokiman sa a te sèvi pou esplike motivasyon ak objektif Dekrè 30 mas 1982 a. Dokiman sa a ofri plizyè rezon syantifik ki djanm pou esplike enpòtans ansèyman nan lang matènèl. Menm si sa fè 40 lane depi dokiman sa a pibliye, done ak lojik nou jwenn nan atik syantifik k ap pibliye jounen jodi a vin kore pledwaye Minis Joseph C. Bernard ki te deja demontre, depi 1982, pou ki sa ansèyman nan tout peyi dwe fèt nan lang matènèl ti moun yo. Men kèk nan agiman sa yo ki nan dokiman Réforme Éducative la :

- Sistèm edikasyon nou dwe chita sou lasyans ; li pa dwe chita sou preferans ak prejije ki nan imajinasyon ak ideyoloji nou (pp. 12, 37-8).
- Lekòl yo dwe onore kilti ak idantite ti moun yo (p.10).
- Ann Ayiti, itilizasyon lang franse kòm lang prensipal nan lekòl yo vin lakòz anpil pwoblèm, tankou anpil echèk depi nan premye ane fondamantal epi gran kantite analfabèt (p. 13).

- Lang franse kòm lang ansèyman depi premye ane fondamantal, sa sèlman ede reyisit ti moun nan elit la ki deja konn pale franse depi lakay yo anvan yo antre lekòl (pp. 38-39).

- Syans edikasyon montre, si ti moun yo ta kòmanse lekòl nan lang natif natal la kòm lang ansèyman, yo t ap ka bati fondasyon ki solid pou yo aprann franse pi byen pi devan (pp. 39-40).

Metete sou sa, dokiman an esplike rezon ki fè refòm lan antre nan yon kad ki pi laj kote objektif la se pou kreyòl rive sèvi kòm LANG ANSEYMAN NAN TOUT MATYÈ E NAN TOUT NIVO SISTÈM EDIKASYON AN (pp. 50-51).

Refòm lan te vle mennen chak elèv nan yon « BILENGWIS FONKSYONÈL ». « Bilengwis fonksyonèl » vle di : yon moun ka « fonksyone » (egal : yon moun ka debwouye l jan l kapab) nan yon dezyèm lang nan kèk kontèks espesifik ki souvan gen rapò ak aktivite akademik. Pa egzanp, yon etidyan nan inivèsite ka toujou konprann yon manyèl nan yon dezyèm lang, men, li ka santi li pi alèz nan lang matènèl li lè moman an rive pou l poze pwofesè li yo kesyon oubyen pou l fè deba ak kamarad li yo. Bilengwis fonksyonèl sa a pa mande pou yon moun metrize dezyèm lang lan nan menm nivo konpetans ak lang matènèl la — depi aprenan an ka degaje l ak dezyèm lang lan nan kèk domèn kote li bezwen lang sa a.

Gouvènman Jean-Claude Duvalier a te vin revoke Minis Joseph C. Bernard kèk mwa apre li te siyen Dekrè 30 mas 1982 a, epi gouvènman an te sispann tout aktivite ki t ap kore refòm lan. Apre Duvalier te fin tonbe sou pouvwa a an 1986, pwojè a te relanse ankò, men, pifò nan angouman pou ansèyman nan lang nasyonal la te

gen tan pèdi. Anpil detraktè kont refòm lan te gen lè panse Minis Bernard te twò radikal nan mouvman kreyòl la ; yo gen lè pa t vle franse pèdi plas li nan sosyete a. Nan dat 1e desanm 1988, Ministè Edikasyon te pibliye yon lòt dekrè pou swadizan aplike Refòm Bernard sou tout teritwa a, men, fwa sa a, pa te gen okenn deklarasyon ki klè konsènan wòl kreyòl ak franse nan sistèm edikasyon an. Se kon sa, jounen jodi a, gen anpil konfizyon ak mal konprann konsènan plas lang kreyòl la nan Refòm Bernard sa a. Depi lè sa a, plizyè dokiman ofisyèl k ap site Refòm Joseph C. Bernard sa a gen lè antre nan pratik « kase fèy, kouvri sa ».

Nan foto ki akonpaye atik la, lektè yo ava jwenn yon rezime kontni Refòm Bernard a konsènan lang ansèyman nan lekòl fondamantal.

CADRE D'ORIENTATION CURRICULAIRE, 2021 – KI SA LI YE?

Se MENFP ki devlope COC 2021 sa a gras a sipò finansye e teknik Agence Française de Développement (AFD) nan kad Pwojè NECTAR (Nouvelle Éducation Citoyenne Tournée vers l’AveniR). Daprè paj wèb Pwojè NECTAR sa a, AFD te bay gouvènman Ayisyen an yon sibvansyon 8 milyon euro « nan objektif pou apiye refòm kourikoulòm ki te kòmanse depi sou Refòm Bernard a e ki te gen objektif pou amelyore ansèyman nan twazyèm sik fondamantal epi lekòl segondè. »[vi]

Malgre paj wèb Pwojè NECTAR a di li sible sèlman nivo klas ki pi wo yo, pwojè a vin pwodui dokiman COC 2021 an tou, pou « kouvri ansèyman fondamantal ansanm ak ansèyman segondè pou garanti yon koyerans entèn ki total ».[vii]

Objektif COC 2021 an se mennen tout elèv nan « BILENGWIS

EKILIBRE » an franse ak kreyòl. « Bilengwis ekilibre » vle di yon moun ka « pale, konprann, li epi ekri tou 2 lang yo alèz NAN MENM NIVO KONPETANS ».[viii] Non sèlman objektif sa a enposib, men, dapre sa n rive konprann nan analiz pa nou, se pa vreman bilengwis ekilibre COC 2021 an ap chache. Dokiman an mande pou elèv yo kòmanse sèvi ak lang franse kòm lang ansèyman depi nan 3yèm ane fondamantal. Epi, kòmanse nan 5yèm ane fondamantal, se franse ki dwe vin sèvi kòm sèl grenn lang ansèyman. Ki donk, depi nan 5yèm ane, elèv yo ta dwe ap aprann lang nasyonal la kòm matyè, sèlman 2-3 fwa pa semèn nan kou sou kreyòl. Nou ka mande tèt nou èske, vreman vre, sa se yon apwòch ki « ekilibre » ? Si yon elèv soti nan majorite popilasyon an (yon majorite kote ti moun yo pale kreyòl kòm sèl lang ki rele yo chè mèt chè mètrès) epi, depi elèv sa a rive nan 5yèm ane, li pa ka etidye okenn matyè nan lang matènèl li, ki jan li pral santi li « alèz nan menm nivo konpetans » nan tou lè 2 lang yo ?

Enben, dapre analiz sa a, nou ka panse youn nan objektif an ba chal COC 2021 an se POU TOUT AYISYEN PALE, KONPRANN, LI EPI EKRI AN FRANSE (ANSYEN LANG KOLONIAL LA) PI PLIS POSIB PANDAN Y AP DEVALORIZE LANG KREYÒL LA. SE KÒM SI OTÈ SA YO KI EKRI COC 2021 AN PANSE LANG NASYONAL NOU AN SE YON LANG KI PA TA KA GEN KAPASITE POU L SÈVI KÒM ZOUTI POU FABRIKE EPI PATAJE KONESANS NAN NIVO KI DEPASE SENKYÈM ANE FONDAMANTAL.

Èske se kalite sitwayen sa a peyi a bezwen pou yon demen miyò ? An tou ka, prejije anti kreyòl sa yo pa chita sou okenn done ak rezilta syantifik ki solid. O kontrè, pifò lengwis jounen jodi a deja konnen tout lang se lang paske tout moun se moun — #ToutLangSeLang #ToutMounSeMoun.

Si metrize franse se vre objektif COC a, fòk nou sonje gen yon ti elit ki pale franse fen e byen depi lakay yo. Pou yo, franse pa sèlman yon lang ansèyman ak yon matyè ansèyman, men, se yon lang yo pale e tandè chak jou. Wi, ti pousantaj sa a (pami moun « an wo » yo !) ap benyen nan franse depi nan vant manman yo (ki fè franse se lang MANMAN yo, tout bon vre !). Enben, sa klè : se ti moun nan elit sa a ki gen plis chans rive « alèz nan menm nivo konpetans nan tou lè 2 lang yo » (ki vle di se yo k ap rive konnen pi plis franse posib, dapre objektif COC 2021 an !).

Ki donk, yon lekòl ki sible « bilengwis ekilibre » tou bay pitit elit sa yo yon avantaj bab e moustach nan sistèm lekòl la — e nan sistèm sosyal e ekonomik la tou. Sepandan, pifò ti moun ann Ayiti, se nan lang kreyòl la yo benyen nan preskè tout aspè nan lavi yo. Ki jan yo pral santi yo « alèz nan menm nivo konpetans » an kreyòl e an franse pou yo ta rive sèvi ak franse nan zanmitay, bay blag, griyen dan, fè landjèz, negosye pri nan mache, e latriye, si sèl kote yo jwenn lang franse sa a se sou ban lekòl, pi souvan an ba bouch pwofesè ki pa menm byen metrize lang franse a ?

Objektif bilengwis ekilibre sa a pa chita nan reyalite. An n pa pran zannanna pou sizàn : menm si nou ka enpresyone lè n gade objektif « ekilibre » sa a nan COC 2021 an, objektif sila se pwazon nan bouyon. Enben, fòk nou klè sou sa : Pa gen anyen ki « ekilibre » nan COC a. Vre objektif dokiman sa a se kore franse kòm sèl kòk chante epi se mete baboukèt sou lang kreyòl la. Konsekans lan se bay pitit elit yo yon lòt avantaj sosyal sou tèt pitit Sò Yèt yo epi lage mas pèp la nan lekòl tèt an ba k ap kenbe moun « an ba » yo an ba nèt.

Ki donk, menm lè COC 2021 an ka parèt kòm si se yon demach pozitif

k ap chache rapousuiv ideyal Refòm Bernard 1982 a, reyalite a se pa sa ditou pyès. O kontrè, COC 2021 sa a ap chache defèt avantaj ki nan Refòm Bernard a — avantaj ki chita sou bon jan rezilta syantifik nan lengwistik ak syans edikasyon. Enben, se pou sa nou ka di COC 2021 sa a se yon vye « pwazon » nan bon « bouyon » nou jwenn nan Refòm Bernard 1982 a.

ÈSKE N AP FE 2 KABÈS OSWA N AP KONTINYE LAVE MEN SIYE ATÈ ?
AN N GADE REFÒM BERNARD (1982) A KOTE COC (2021)

Preskripsyon ki nan COC a antre nan kategori pwogram ki rele « apwòch soustraktif avèk yon tranzisyon rapid ».[ix] Nan apwòch sa yo, lè ti moun yo kòmanse lekòl, yo etidye nan lang natif natal la pandan y ap aprann yon dezyèm lang kòm yon matyè ansèyman. Yon ti tan apre sa, elèv yo kòmanse fè yon tranzisyon nan dezyèm lang lan kòm lang ansèyman. Avan 5yèm ane lekòl fondamantal la, yo retire lang manman elèv yo nèt kòm lang ansèyman. Metòd sa yo (« apwòch soustraktif avèk yon tranzisyon rapid ») fin gaye tou patou nan peyi sa yo ki gen revni ki pi ba. Men, dapre ekspè nan edikasyon, metòd sa yo pa fouti bay bon rannman. Yon gwo fay nan modèl sa yo se paske elèv yo raman rive gen konpetans ase nan dezyèm lang lan anvan tranzisyon an. Pwoblèm lan pi grav toujou lè n kalkile pifò pwofesè yo pa metrize dezyèm lang lan. Se kon sa ansèyman an, nan dezyèm lang sa a, oblije vin depann de memorizasyon pa kè jako repèt nan plas aprantisaj aktif. Sa vin gen gwo enpak negatif sou konesans jeneral elèv yo paske yo oblije ap aprann nan yon lang yo pa metrize. Souvan, ata ti kantite elèv ki fini lekòl segondè konn pa santi yo alèz nan dezyèm lang sa a.[x]

Dekrè Refòm Bernard, nan dat 30 mas 1982, te pwopoze yon « apwòch

ki ADITIF » — ki ve di se yon apwòch kote kourikoulòm lan pèmèt aprenan yo vin AJOUTE konesans yon dezyèm lang mete sou konesans lang natif natal yo. Se byen sa nou ka rele yon « 2 kabès » ! Jodi a, nou rele sa yon « edikasyon nan plizyè lang ki baze sou lang manman » (EPL BLM).[xi] Nan yon apwòch kon sa, lang natif natal ti moun yo sèvi kòm sèl lang ansèyman rive nan 5yèm ane fondamantal pou pi piti pandan elèv yo ap etidye yon dezyèm lang. Epi yo kòmanse sèvi ak dezyèm lang sa a kòm lang ansèyman apati 6yèm ane oswa pi devan — a kote lang manman an ki kontinye sèvi kòm lang ansèyman tou. Nou rele sa yon « ADISYON » paske nou pa janm retire lang matènèl la kòm lang ansèyman nan sal klas. Rechèch syantifik montre klè apwòch aditif EPL BLM la bay pi bon rezilta pase apwòch soustraktif la.[xii] Etid yo montre elèv ki pase plis ane ak lang natif natal pa yo kòm lang ansèyman jwenn plis reyisit nan aprann yon dezyèm lang. Apwòch aditif la ede elèv yo devlope bon jan kapasite entelektyèl ak akademik gras a lang natif natal la, epi yo ka sèvi ak kapasite sa yo pou aprann yon dezyèm lang pi byen epi y ap aprann lòt matyè yo bi byen tou.

Se kon sa, wi, apwòch aditif ki nan Refòm Bernard a se yon apwòch pou ti moun yo rive fè 2 kabès tout bon vre. Nan apwòch sa a, elèv yo ka rive fini lekòl ak konpetans nan matyè ki enpòtan yo epi tou nan franse.

Men, preskripsyon ki nan COC 2021 an, li menm, se yon apwòch lave men siye atè : elèv yo ak pwofesè yo fè anpil travay, men, rezilta a se echèk pou pifò elèv yo — yon vye gaspiyaj tan ak resous.

ÈSKE CHWA LANG ANSÈYMAN AN SE VRE PWOBLÈM LAN ?

Yon moun ta ka di echèk nou wè kòm rezilta « apwòch soustraktif avèk tranzisyon rapid » la, tankou sa ki nan COC 2021 an, sa se pa

konsekans dirèk chwa lang ki nan apwòch la. Sa se kalite agiman n ap jwenn tou lè jou sou rezo sosyal yo, ata pami anseyan — ata pami kèk pwofesè kreyòl ! Wi, gen anpil moun ki toujou kwè pwoblèm lan sòti pito nan mank materyèl ak move kalite fòmasyon pwofesè — sa se defi nou jwenn souvan nan peyi Sid yo tankou Ayiti.

Vreman vre, gen anpil lòt faktè enpòtan ki an deyò faktè lengwistik la. Nou pa ta dwe neglije faktè sa yo. Wi, Ayiti pa gen anpil pwofesè ki byen fòme nan syans edikasyon epi se sèlman yon ti pousantaj ladan yo ki metrize franse.[xiii] Epi tou, anpil lekòl gen twòp elèv e pa gen ase resous. Sepandan, ata nan peyi ki gen gwo ekonomi k ap byen mennen, ata nan peyi ki gen kantite pwofesè ki byen fòme e ki souvan gen ti kantite elèv nan chak sal klas — peyi tankou Kanada ak Etazini kòm egzanp — lekòl ki « plonje » elèv yo nan aprantisaj kote lang ansèyman se yon dezyèm lang ki pa lang natif natal ti moun yo, enben, lekòl sa yo toujou gen pwoblèm si elèv yo p ap viv nan sosyete kote yo jwenn opòtinite pou yo pratike dezyèm lang lan an deyò sal klas la. Epi tou elèv yo toujou ka gen pwoblèm si yo soti nan fanmi ki pa gen bon jan nivo ekonomik e si yo pa gen paran ki ka ofri yo sipò ak resous sipleman tè.

Menm nan sosyete ki gen anpil resous, ekspè yo rekòmande senk a sèt lane aprantisaj yon dezyèm lang pou elèv yo rive li, ekri, pale epi konprann dezyèm lang sa a pi byen.[xiv] Ki donk yon apwòch soustraktif avèk tranzisyon rapid nan yon kontèks kote ki pa gen anpil resous p ap janm ka bay bon rannman. Gen yon etid[xv] sou elèv kanadyen ki pale angle kòm lang matènèl e ki sòti nan klas mwayèn : lè yo te fini lekòl ki ofri pwogram ansèyman an franse (metòd « imèsyon »), elèv sa yo te toujou santi yo pli pèfòman ann angle sou ban lekòl. Kathleen Heugh, yon ekspè nan amenajman lengwistik, di

kon sa : « Si modèl imèsyon an pa rive jwenn siksè nou t ap chache a o Kanada ki gen anpil resous, pa gen okenn fason li ka bay pi bon rannman pou majorite ti moun nan peyi Afrik yo. »[xvi]

KONKLIZYON

Karant lane apre Duvalier te fin retire Joseph C. Bernard kòm Minis Edikasyon, otorite yo toujou ap site Refòm Bernard (1982) kòm enspirasyon pou politik lengwistik pa yo jounen jodi a. Se sa nou jwenn nan Cadre d'Orientation Curriculaire (COC) a tou ki pibliye nan MENFP ane pase (2021). Sanble ekspè sa yo ki ekri COC 2021 sa a pa te janm li Dekrè 30 mas 1982 a oswa yo chwazi ba li vag nèt. Sa se yon istorik ki malouk anpil lè n konsidere objektif Minis Joseph C. Bernard ki te pwopoze yon apwòch k ap chache bilengwis fonksyonèl sou fondasyon lang matènèl ti moun yo. Jounen jodi a, se menm Refòm Bernard sa a k ap sèvi pou jistifye yon apwòch, nan COC 2021 an, ki, byen vit, retire lang natif natal la kòm lang ansèyman epi k ap chache yon bilengwis ekilibre ki enposib pou aprenan yo, esepite ti kantite ti moun sa yo k ap grandi nan ti elit peyi a. Olye pou otorite yo ankouraje anseyan ak aprenan itilize lang nasyonal la pou yo patisipe djanm nan pedagoji aktif k ap ede yo fabrike konesans nan tout nivo aprantisaj, nouvo dokiman sa yo, tankou COC 2021 an, ap chache zombifye elèv yo nan pa kè jako repèt nan yon lang yo pa metrize. Se metòd sa yo k ap koze echèk majorite popilasyon an e k ap bloke peyi a nan mizè ak fristrasyon.

Nan menm moman nou t ap edite atik sa a pou piblikasyon, nou jwenn yon Tweet ki pote anpil angouman, nan dat 25 out 2022, kote Minis Nesmy Manigat site yon nouvo vèsyon COC a ki gen dat 2022. Nan Tweet sa a, Minis la anonse kreyòl pral sèvi kòm lang ansèyman

kòmanse nan premye ane fondamantal rive nan Bakaloreya. Men, gen yon kontradiksyon nan anons sa a lè Minis la anonse se depi nan 3yèm ane fondamantal pou franse vin sèvi kòm lang ansèyman ansanm ak kreyòl alòs ke kominike Minis la nan dat 21 fevriye 2022 te mande pou se sèl kreyòl ki dwe sèvi pou tout manyèl nan 4 premye ane fondamantal yo. Èske franse ka sèvi kòm lang ansèyman ansanm ak kreyòl nan 3yèm ak 4yèm ane fondamantal alòs ke liv inik pou 4 premye ane fondamantal sa yo se an kreyòl sèlman yo ekri ? Epi fòk nou sonje Refòm Bernard (1982) te mande pou se sèl kreyòl ki sèvi kòm lang ansèyan nan 5 premye ane fondamantal yo. Ki fè sanble nouvo COC 2022 a pral antre an kontradiksyon ak Refòm Bernard a tou.

Kòm nou pa ko wè vèsyon ofisyèl nouvo COC sa a (vèsyon 2022 a) e kòm nou pa konnen ki lè l ap finalize e valide, se tann n ap tann detay ki ladan konsènan kesyon fondamantal ki an rapò ak metòd ansèyman ak aprantisaj, lang ansèyman, bilengwis fonksyonèl oswa ekilibre, kourikoulòm, kontni, idantite ti moun yo ak kilti nasyonal la, e latriye.

Youn nan kesyon fondal natal konsènan COC 2022 sa a se : Èske nouvo COC sa a pral sible objektif bilengwis FONKSYONÈL jan Joseph C. Bernard te planifye a pou byennèt tout ti moun nan yon ideyal lekòl tèt an wo pou peyi tèt an wo ? Oswa èske COC 2022 sa a pral sible objektif bilengwis EKILIBRE ki se metòd elitis anti syantifik sa a ki nan nannan COC 2021 an ? Dapre analiz nou nan atik sa a, objektif bilengwis EKILIBRE sa a se yon zouti pou repwodui inegalite sosyal malouk k ap kenbe lekòl yo tèt an ba nan peyi tèt an ba. An tou ka, nou gen lespwa lè n li sa Minis la di nan Tweet la :

« [MENFP] kontan anonse chanjman ki fèt ane sa nan Kad Oryantasyon Kourikoulòm nan. Kreyòl : Lang ansèyman jiska dènye klas segondè. N ap vanse ti pa ti pa sou lekòl militang baze sou kreyòl la. » —

<https://twitter.com/nesmymanigat/status/1562783994605092870>

Malgre kontradiksyon ki nan Tweet la konsènan lòt desizyon Minis la ansanm ak Refòm Bernard a, dènye desizyon sa a se yon lòt gwo pa ann avan pou reyalizasyon Refòm Bernard 1982 a. Pito n mize epi n pote bon nouvèl ?

Ann atandan, Refòm Bernard sa a se tankou yon bèl jaden ki la depi byen lontan (depi 1982 !) epi yo te bliye l malgre li toujou chaje ak bèl kochon kreyòl, bèl legim, bèl fwi ki gen bon jan vitamin pou satisfè yon pèp ki grangou depi syèk. Nou sèlman bezwen antre nan jaden sa a kòm sa dwa epi pwofite de tout manje li ka ofri nou.

REFERANS AK BIBLIYOGRAFI

[i] MENFP (2021). Cadre d'Orientation Curriculaire pour le système éducatif haïtien — Haïti 2054.

[ii] « NECTAR se situe dans la filiation de la réforme Bernard (1982) dont l'ambition était de créer un système éducatif plus dynamique bâti sur des pédagogies actives, sur un socle commun d'apprentissages constituant le fondement éducatif de la citoyenneté et, enfin, sur la valorisation de la langue créole acquérant le statut de langue d'enseignement... L'objectif est d'améliorer la qualité de l'enseignement aux niveaux collège (3^o cycle du fondamental) et lycée (secondaire) »

<https://www.afd.fr/fr/carte-des-projets/projet-nectar-pour-education-citoyenne-tournee-vers-avenir>. Nou gade sit sa a nan dat 21 mas 2022

« L'agence Française de développement (AFD) a octroyé à la République d'Haïti une subvention de 8 millions d'euros dans l'objectif d'appuyer la réforme curriculaire entamée lors de la Réforme Bernard et visant à améliorer la qualité de l'enseignement du 3ème cycle du fondamental et du secondaire. En effet, cette réforme doit permettre d'aboutir à la mise en place d'un enseignement fondamental, complet et de qualité sur 9 années, suivi d'un cycle secondaire de 4 années.

Le projet NECTAR (Nouvelle Éducation Citoyenne Tournée vers l'Avenir) financé par l'AFD a pour objectif d'accompagner le Ministère de l'Education Nationale et de la Formation Professionnelle (MENFP) durant les 5 prochaines années dans la planification, la coordination, et la mise en œuvre de cette réforme d'envergure. Il est question d'une mesure de fond qui concerne l'ensemble du système éducatif, des enseignants aux formateurs, en passant par les élèves et les outils didactiques.

Le déploiement du 3ème cycle de l'enseignement fondamental et la généralisation des nouveaux programmes du secondaire permettront d'achever la Réforme Bernard initiée en 1982. La finalité principale de ce projet est de mettre en place une nouvelle éducation haïtienne résolument tournée vers l'avenir et en cohésion avec l'environnement social, culturel et économique, tout en privilégiant l'intégration des citoyens par une meilleure insertion professionnelle. »

<https://nectar.menfp.gouv.ht/#/Acceuil>. Nou gade sit sa a nan dat 31 mas 2022.

[iii] Décret du 30 mars 1982 : Décret organisant le système éducatif haïtien en vue d'offrir des chances égales à tous et de refléter la culture haïtienne.

[iv] Gouvernement haïtien. Loi du 18 septembre 1979.

[v] « Article 1 : L'usage du créole, en tant que langue commune parlée par les 90 % de la population haïtienne, est permis dans les écoles comme instrument et objet d'enseignement. » (Gouvernement haïtien, 1979).

[vi] « ...dans l'objectif d'appuyer la réforme curriculaire entamée lors de la Réforme Bernard et visant à améliorer la qualité de l'enseignement du 3ème. cycle du fondamental et du secondaire. » <https://nectar.menfp.gouv.ht/#/Acceuil>. Nou gade sit sa a nan dat 31 mas 2022)

[vii] « Par la suite un Cadre d'Orientation Curriculaire (COC) sera développé. Il couvrira à la fois le fondamental et le secondaire afin de garantir une cohérence interne totale. »

<https://nectar.menfp.gouv.ht/#/Enjeux> . Nou gade sit sa a nan dat 20 mas 2022.

[viii] « ... parler, comprendre, lire et écrire, avec une égale aisance dans l'une et l'autre langue ... » - paj 13 Cadre d'Orientation Curriculaire (MENFP, 2021). Se nou menm ki ajoute majiskil nan

sitasyon an kreyòl la — pou n mete anfaz sou objektif sa a ki pa chita sou sa lasyans ban nou kòm metòd po ansèyman lang.

[ix] Benson, C. (2016). Addressing language of instruction issues in education: Recommendations for documenting progress (Education Monitoring Report). UNESCO.

Ouane, A., & Glanz, C. (Eds., 2011). Optimising learning, education and publishing in Africa: The language factor: a review and analysis of theory and practice in mother-tongue and bilingual education in sub-Saharan Africa. UIL/ADEA.

[x] Dejean, Y. (2010). Chapter 9. Creole and Education in Haiti. In A. K. Spears & C. M. Berotte Joseph (Eds.), *The Haitian Creole language: History, structure, use and education* (pp. 199–216). Lexington Books.

[xi] Ann angle : « Mother tongue-based multilingual education » oswa MTB MLE.

[xii] Walter, S. L., & Davis, P. M. (2005). *The Eritrea national reading survey*. Dallas, TX: SIL.

Benson, C. (2016). Addressing language of instruction issues in education: Recommendations for documenting progress (Education Monitoring Report).

Heugh, K., Benson, C., Bogale, B., & Yohannes, M. A. G. (2007). *Final Report Study on Medium of Instruction in Primary Schools in Ethiopia*. Ministry of Education, Government of Ethiopia.

[xiii] IFADEM (2013). *Rapport de Mission en République d’Haïti*.

[xiv] Ouane, A., & Glanz, C. (Eds., 2011). Optimising learning, education and publishing in Africa: The language factor: A review and analysis of theory and practice in mother-tongue and bilingual education in sub-Saharan Africa. UIL/ADEA.

[xv] Helle, T. (1995). French Immersion in Canada: The Most Successful Experience in Language Teaching or a Middle-Class Fad (Scandinavian Working Papers on Bilingualism 10). Centre for Research on Bilingualism, Stockholm University.

[xvi] Paj 13 nan Heugh, K. (2011). Theory and practice – language education models in Africa: Research, design, decision-making and outcomes. In A. Ouane & C. Glanz (Eds.), Optimising Learning, Education and Publishing in Africa: The Language Factor (pp. 105–155). UIL/ADEA.

LIRE AUSSI

RÉAGIR À CET ARTICLE

Il n'y a actuellement aucun commentaire concernant cet article.
Soyez le premier à donner votre avis !

J'écris un commentaire

Le Nouvelliste

© Le Nouvelliste 2023



LES SERVICES

Contactez nous

Toutes nos archives

Deuils

RSS

Petites annonces

Annonces immobilières



[Conditions générales
d'utilisation](#)

[Politique de confidentialité](#)

[Conditions générales
d'abonnement](#)